

## **BAB I**

### **BUBUKA**

Dina ieu bab dipedar ngeunaan: (1) kasang tukang masalah, (2) idéntifikasi masalah, (3) rumusan masalah, (4) tujuan panalungtikan, (5) mangpaat panalungtikan, jeung (6) raraga tulisan.

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Basa mangrupa hiji hal anu penting pikeun kahirupan manusa. Basa miboga fungsi salaku alat komunikasi jeung papada manusa. Dina hirup kumbuh sapopoéna manusa mikabutuh basa pikeun komunikasi, ogé pikeun ngedalkeun eusi haté atawa ide, pikiran, jeung gagasan nu aya dina diri manusa.

Dumasar kana Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar Pangajaran Basa jeung Sastra Sunda (2007, kc. 91), kaparigelan basa ngawengku opat aspék, nyaéta ngaregepkeun, nyarita, maca, jeung nulis. Salasahiji pangajaran basa Sunda di SMP anu miboga peran penting nyaéta pangajaran nulis. Pangajaran nulis di SMP kelas VII ngawengku nulis pangalaman, nulis biografi singkat, nulis sajak, sarta nulis bahasan (éksposisi).

Tarigan (2008, kc. 22) nyebutkeun yén nulis téh nyaéta nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun hiji basa anu dicangkem ku hiji jalma, sangkan jalma lian bisa maca éta lambang-lambang grafik upama nu maca paham kana basa jeung gambaran éta grafik.

Tarigan (2008, kc. 31) nyebutkeun yén nu dimaksud tulisan pangalaman pribadi nyaéta hiji wangun tulisan anu méré hiji hal anu pikabungaheun dina kahirupan pribadi nu nulis. Pangalaman pribadi mangrupa hiji kajadian nu kungsi kaalaman dina mangsa nu ka tukang ku diri sorangan. Salasahiji média pikeun nulis pangalaman pribadi nyaéta buku *diary*, kiwari mah nulis pangalaman pribadi téh lain hungkul maké *diary* salaku médiana, tapi bisa ogé dina media sosial kawas *facebook* jeung *twitter*. Ayana média sosial kawas kitu, ngabalukarkeun siswa kurang mampuh dina nulis pangalaman pribadi di sakola. Lian ti éta, upama siswa nyebutkeun pangalaman pribadi dina média sosial téh sok tara mentingkeun aspék

*Sarah Sri Rahayu, 2014*

**Modél Pangajaran Webbed pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi :  
Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun  
Ajaran 2013/2014**

basa ogétata tulis. Dina nulis pangalaman pribadi, siswa kudu nyaho kana hakékat pangalaman pribadi sabenerna, éta hal bisa ngagampangkeun siswa dina nulis karanganana. Sangkan siswa leuwih gampang dina prak-prakan nulis pangalaman pribadi, tangtu waé nungtut katalitian siswa dina niténan sarta nginget-ninget hiji hal atawa hiji kajadian pikeun diébréhkeun dina runtuyan kalimah anu ngawangun wacana sacara ngaruntuy.

Katitén di lapangan, nalika ngalaksanakeun obsérvasi awal tanggal dalapan Januari 2014, rata-rata siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014 masih kénéh canmampuh nulis pangalaman pribadi. Aya sababaraha faktor anu mangaruhan siswa can mampuh nulis pangalaman pribadi, di antarana nyaéta, kurangna pangaweruh ngeunaan pangalaman pribadi, siswa hésé dina nginget-ninget hiji hal atawa hiji pasualan kalawan taliti, tata basa Sunda nu kurang, ogé eusi tulisan nu rata-rata nyaritakeun ngeunaan liburan. Ieu hal ngabalukarkeun kaayaan nu *monoton* nalika pangajaran nulis pangalaman pribadi. Ku kituna, dibutuhkeun hiji modél pangajaran anu bisa ngawangun motivasi sarta fokus siswa, sangkan siswa mampuh nulis pangalaman pribadi kalawan hadé, sarta tujuan pangajaran bisa kahontal kalawan optimal.

Kahontalna tujuan pangajaran dipangaruhan ku sababaraha faktor, salasahijina nyaéta modél pangajaran. Joyce & Weil (dina Rahman, 2011, kc. 7) nyebutkeun yén modél pangajaran mangrupa pedoman pikeun guru jeung murid dina ngalaksanakeun kagiatan pangajaran. Upama modél pangajaran nu dipaké teu saluyu jeung bahan pangajaran nu ditepikeun, éta hal bakal ngabalukarkeun teu kahontalna tujuan pangajaran kalawan optimal. Modél pangajaran téh kacida lobana, tapi teu sagawayah bisa dipaké, kudu disaluyukeun jeung bahan pangajaran nu rék ditepikeun. Sakabéh modél pangajaran téh miboga kaonjongan jeung kahéngkeran sewang-sewangan. Salasahiji modél pangajaran nu bisa dipaké dina pangajaran nulis sajak nyaéta modél pangajaran *Webbed*.

Modél pangajaran *Webbed* mangrupa turunan tina model pangajaran *terpadu*. Ieu modél téh maké pamarekan tématik, anu satuluyana sub-sub témanna dimekarkeun ku cara niténan hiji hal atawa pasualan nu aya patalina jeung widang-widang pangajaran séjén.

**Sarah Sri Rahayu, 2014**

**Modél Pangajaran *Webbed* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi : Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2013/2014**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtik leuwih milih modél pangajaran *Webbedku* sabab éta modél pangajaran téh bisa mantuan siswa dina niténan, nganalisis, jeung napsirkeun hiji hal atawa pasualan kalawan taliti. Lian ti éta modél pangajaran *Webbedogé* bisa ngirut siswa sangkan ngarasa sugema dina diajar, ogé bisa ngarobah kabiasaan siswa anu sok nyaritakeun ngeunaan *liburan* hungkul, sarta bisa méré hasil nu hadé ogé bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa lain ukur dina widang pangajaran basa Sunda wungkul, tapi widang pangajaran séjénna. Modél pangajaran *Webbedogé* bisa ngaronjatkeun motivasi siswa dina nulis pangalaman pribadi, sangkan nulis pangalaman pribadi téh teu dianggap ngan ukur kawajiban migawé pancén ti guru, tapi jadi karesep siswa nepi ka siswa hayang nyaho leuwih jero deui ngeunaan pangalaman pribadi.

Panalungtikan ngeunaan pangalaman pribadi téh kungsi ditalungtik, nyaéta *Modél Konstruktivisme dina Pangajaran Nulis Carita Pangalaman (Studi Kuasi Éksperimen ka Siswa Kelas X2 SMA Negeri 1 Bandung Taun Ajaran 2011/2012)* ku D. Nurfajrin, anu ngabédakeun jeung ieu panalungtikan nyaéta variabel bébasna atawa modél pangajaran nu digunakeunana. Panalungtikan séjén mah ngagunakeun modél pangajaran Konstruktivisme, ari dina ieu panalungtikan mah digunakeun modél pangajaran *Webbed*. Sasaruaan ieu panalungtikan jeung panalungtikan di luhur nya éta sarua nalungtik ngeunaan nulis pangalaman. Panalungtikan anu ngagunakeun modél pangajaran *Webbedogé* kungsi ditalungtik, nyaéta *Model Ramat Lancan (Webbed) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Karangan Éksposisi (Panalungtikan Tindakan Kelas ka Siswa Kelas IX-D SMP Negeri 19 Bandung Taun Ajaran 2010-2011)* ku Nurul Zakiyah, anu ngabédakeun jeung ieu panalungtikan nyaéta variabel kaugerna. Panalungtikan di luhur mah nalungtika kamampuh nulis karangan éksposisi, ari dina ieu panalungtikan mah nalungtik kamampuh nulis pangalaman pribadi. Sasaruaan jeung ieu panalungtikan nyaéta saruaan ngagunakeun modél pangajaran *Webbed*. *Modél Pangajaran Webbed pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Éksperimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2013/2014)* mah can aya nu nalungtik, ku kituna panalungtikan nu dijudulan **Sarah Sri Rahayu, 2014**  
**Modél Pangajaran Webbed pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi : Studi Kuasi Éksperimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2013/2014**

*Modél Pangajaran Webbed pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi (Studi Kuasi Éksperimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2013/2014)* perlu dilaksanakeun.

## **1.2 Idéntifikasi Masalah**

Dumasar kana kasang tukang di luhur, katitén masalah nu nyampak dina kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014 nyaéta kurangkamampuh siswa dina nulis pangalaman pribadi. Dina hasil idéntifikasina, katitén yén rata-rata eusi carita siswa téh ngeunaan liburan, ogé struktur eusina anu kamana waé, teu merhatikeun kohési jeung kohérénsi antarparagraf. Lian ti éta, siswa gé kurang mampuh dina éjahan sarta adegan basana.

Kamampuh nulis pangalaman pribadi téh bisa diukur dumasar kana dua kategori, nyaéta kategori linguistik jeung *non-linguistik*. Kategori linguistik ngajén ngeunaan tata basa, saperti éjahan jeung adegan basa. Kategori *non-linguistik* ngajén ngeunaan naon-naon di luar tata basa, saperti eusi jeung struktur eusi.

Sangkan teu lega teuing, ku kituna pikeun ngukur kamampuh nulis pangalaman pribaditéh diwatesanan dumasar kana dua kategori, nyaéta kategori linguistik jeung kategori *non-linguistik* téa. Kategori linguistik ngawengku éjahan jeung adegan basa. Ari kategori *non-linguistik* ngawengku eusi tulisan jeung struktur eusi.

## **1.3 Rumusan Masalah**

Dumasar kana kasang tukang masalah jeung watesan masalah di luhur, masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah panyanya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu taun ajaran 2013/2014 dina nulis pangalaman pribadi saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Webbed*?

**Sarah Sri Rahayu, 2014**

***Modél Pangajaran Webbed pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi : Studi Kuasi Éksperimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2013/2014***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 2) Kumaha kamampuh siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu taun ajaran 2013/2014 dina nulis pangalaman pribadi sabada ngagunakeun modél pangajaran *Webbed*?
- 3) Naha aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa kelas VII BSMP Negeri 1 Margahayu taun ajaran 2013/2014 dina nulis pangalaman pribadi nalika saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Webbed*?

## **1.4 Tujuan Panalungtikan**

### **1.4.1 Tujuan Umum**

Tujuan umum ieu panalungtikan nyaéta, pikeun mikanyaho ngaronjat henteuna kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014 ngagunakeun modél pangajaran *Webbed*.

### **1.4.2 Tujuan Husus**

Tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu taun ajaran 2013/2014 dina nulis pangalaman pribadi saméméh digunakeun modél pangajaran *Webbed*;
- 2) kamampuh siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu taun ajaran 2013/2014 dina nulis pangalaman pribadi sabada digunakeun modél pangajaran *Webbed*;
- 3) aya béda anu signifikan antara kamampuh siswa SMP Negeri 1 Margahayu taun ajaran 2013/2014 dina nulis pangalaman pribadi nalika saméméh jeung sabada digunakeunana modél pangajaran *Webbed*.

## **1.5 Manfaat Panalungtikan**

### **1.5.1 Manfaat Tiorotis**

Sacara tiori, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh nu nalungtik ogé nu maca, sarta bisa ngeuyeuban deui pangajaran basa Sunda,

*Sarah Sri Rahayu, 2014*

*Modél Pangajaran Webbed pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi : Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2013/2014*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

utamana dina milih modél pangajaran nu cocog pikeun dilarapkeun sangkan bisa ngahontal tujuan pangajaran.

### 1.5.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun:

- 1) guru, pikeun nambahan pangaweruh modél pangajaran *Webbed* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi;
- 2) siswa sangkan mampuh ngaronjatkeun kamampuhna dina nulis pangalaman pribadi, sabab prosés diajar bakal leuwih dipikaresep; jeung
- 3) nu nalungtik, pikeun mikanyaho aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Webbed*.

### 1.6 Raraga Tulisan

Eusi dina ieu skripsi téh aya lima Bab. Dina Bab 1 ngawengku: kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan. Dina Bab II ngawengku: ulikan tiori, raraga mikir jeung hipotésis. Dina Bab III dipedar métode panalungtikan nu ngawengku: desain panalungtikan, sumber data, wangenan operasional, instrumén panalungtikan, tehnik ngumpulkeun data jeung tehnik ngolah data. Dina Bab IV ngawengku: kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Webbed*, kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Webbed*, béda anu signifikan antara kamampuh nulis pangalaman pribadi siswa kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014 saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Webbed*, jeung hasil panalungtikan modél pangajaran *Webbed* pikeun

*Sarah Sri Rahayu, 2014*

**Modél Pangajaran *Webbed* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi : Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung Taun Ajaran 2013/2014**

ngaronjatkeun kamampuh nulis pangalaman pribadi kelas VII B SMP Negeri 1 Margahayu Kabupatén Bandung taun ajaran 2013/2014. Pamungkas dina Bab V dipedar kacindekan jeung saran.

